Qaraqalpaqstan Respublikası'
Taxtakópir rayonı'
HAKIMININ`
SHESHIMI

Qoraqalpog'iston Respublikasi
Taxtakópir tumani
HOKIMINING
QARORI

Taxtako'pir rayoni | Taxtako'pir tumani

№ 29 | « 22 » - январь 2018 - жыл

Район аймағында аўыл хожалығы ҳәм мелиоратив техникаларды, сондай-ақ машина-трактор парклери, устаханалар ҳәм сервис пунктлериниң әсбап үскенелерин техник көриктен өткериў ҳаққында

Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2012-жыл 6-декабрьдеги 345-санлы қарары менен тастыйықланған «Өзбекистан Республикасы Аўыл ҳәм суў хожалығы министрлигиниң Машина ҳәм әсбап-үскенелериниң техника жағдайын қадағалаў мәмлекетлик бас инспекциясы ҳаққында»ғы Реже, Өзбекистан Республикасы Аўыл ҳәм суў хожалығы министриниң 2013-жыл 2-апрельдеги 58-санлы буйрығы менен тастыйықланған «Аўыл хожалығы ҳәм мелиоратив техниканы, сондай-ақ машина-трактор парклери, устаханалар ҳәм сервис пунктлериниң әсбап үскенелерин техник көриктен өткериў тәртиби ҳаққында»ғы Режеге (Ўзбекистон Республикаси Қонун ҳужжатлари тўплами, 2013 й., 29-апрель 17-сон, 229-модда) тийкарланып ҳәмде районда 2018-жыл аўыл хожалығы ҳәм мелиоратив техника, машина-трактор парклери, устаханалар ҳәм сервис пунктлерин жыллық техник көриктен өткериў мақсетинде

ШЕШИМ ЕТЕМЕН:

1. Райондағы мүликшилик түрине қарамастан кәрхана, машина-трактор парки ашық акционерлик жәмийетлери, альтернативлик машина-трактор парклери, фермер хожалықлары ҳәм пуқараларда бар болған аўыл хожалығы ҳәм мелиоратив техникаларды, сондай-ақ, машина-трактор парклери, устахана ҳәм сервис пунктлериниң әсбап-үскенелерин есапқа алыў ҳәм оларды техник көриктен өткериў кестеси 1-қосымшаға, техник көриктен өткериў бойынша районлық комиссия курамы 2-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

2. Районлық аўыл хожалық техникалары бойынша Мәмлекетлик техника қадағалаў инспекторы Қ.Акимниязовқа:

мүликшилик түриниң қандай болыўына қарамастан барлық түрдеги аўыл хожалық ҳәм мелиоратив, жол қурылыс техника қураллары, машина ҳәм әсбап-үскенелерди жыллық техник көриктен өткериў ҳаққындағы кестени юридикалық ҳәм физикалық шахсларға жеткериў;

мүликшилик түриниң қандай болыўына қарамастан барлық маркадағы аўыл хожалық ҳәм мелиоратив, жол-қурылыс техника қуралларын техник көриктен өткериў майданшаларына жыйнаў;

техник көриктен өткен техникаларды баянламалар тийкарында ислеўге рухсат бериўди шөлкемлестириў ўазыйпасы тапсырылсын.

3. Район аймағындағы барлық кәрхана, шөлкем, машина-трактор парки жуўапкершилиги шекленген жәмийетлери, альтернатив машина-трактор парклери, фермер хожалықлары басшыларына:

есабында бар болған аўыл хожалық ҳәм мелиоратив жол-қурылыс техникаларын, машина әсбап-үскенелерин техник көриктен өткериў ушын таярлап, белгиленген майданшаларға жыйнаў ҳәм техник көрикке тийисли төлемлердиң төлениўин тәмийинлеў тапсырылсын.

4. Район ҳәкиминиң орынбасары Т.Нурманов ҳәм районлық аўыл ҳәм суў хожалығы бөлими баслығы А.Хожамуратов райондағы кәрхана, шөлкем, машина-трактор парки ашық акционерлик жәмийети, альтернативлик машина трактор парклери, фермер хожалықлары ҳәм пуқараларда бар болған, мүликшилик түрине қарамастан аўыл хожалығы ҳәм мелиоратив, жол-қурылыс техникаларын, машина әсбап-үскенелерин есапқа алыў ҳәм олардың техникалық жағдайын техник көриктен өткериў менен байланыслы болған жыйымларды төлеўге әмелдеги тәртиплерге тийкарланып әмелий жәрдем бериў тапсырылсын.

5. Бул шешим районлық «Тахтакөпир таңы» газетасында жәриялансын ҳәм жәрияланған күннен баслап күшке киреди.

6. Усы шешимниң қабыл етилиўине байланыслы район ҳәкиминиң 2017-жыл 23-февраль күнги «Район аймағында аўыл хожалығы ҳәм мелиоратив техниканы, сондай-ақ машина-трактор парклери, устаханалар ҳәм сервис пунктлериниң әсбап үскенелерин техник көриктен өткериў ҳаққында»ғы 106-санлы шешими өз күшин жойытқан деп табылсын.

7. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў район ҳәкиминиң орынбасары Т.Нурмановқа ҳәм район аўыл ҳәм суў хожалығы бөлими баслығы А.Хожамуратовқа жүкленсин.

Район ҳәкими: **Ж. Адилов**

KANTSELYARIYA

KO'SHIRMESI DURIS

Тахтакөпир район хәкиминиң
2018-жыл 22 февраль күнги
29 -санлы шешимине
1- қосымша

Район аймағында аўыл хожалығы ҳәм мелиоратив техникаларды, сондай-ақ машина трактор парклери, устаханалар ҳәм сервис пунктлериниң әсбап-үскенелерин 2018-жыл мәжбүрий техникалық көриктен өткериў режеси

Т/р.	Техниканың атамасы	Техника түри	Техник көриктен өткериў мүддети	Техник көриктен өткериў мәнзили	Техник көриктен өткериў сәнеси
1.	Аўыл-хожалығы техникалары	Тракторлар	25 күн даўамында	Аўыл хожалығы техникалары жайласқан аймақлардағы ММТП устаханалары	01.03.2018 жылдан 25.03.2018 жылға шекем
		Трактор тиркемелери	15 күн даўамында		10.03.2018 жылдан 25.03.2018 жылға шекем
		Ғәлле, шалы орыў комбайнлары	6 күн даўамында		26.03.2018 жылдан 31.03.2018 жылға шекем
		Мәкке жүўери орыў комбайнлары	3 күн даўамында		22.03.2018 жылдан 24.03.2018 жылға шекем
		От-жем орыў комбайнлары	3 күн даўамында		22.03.2018 жылдан 24.03.2018 жылға шекем
		плуг	4 күн даўамында		04.03.2018 жылдан 07.03.2018 жылға шекем
		чизель	3 күн даўамында		01.03.2018 жылдан 03.03.2018 жылға шекем
		культиватор	7 күн даўамында		04.03.2018 жылдан 10.03.2018 жылға шекем
		жер тегислегишлер	4 күн даўамында		04.03.2018 жылдан 07.03.2018 жылға шекем
		Тисли борона	3 күн даўамында		01.03.2018 жылдан 03.03.2018 жылға шекем

		мала	3 күн даўамында		01.03.2018 жылдан 03.03.2018 жылға шекем
		сеялкалар	6 күн даўамында		19.03.2018 жылдан 24.03.2018 жылға шекем
		бүркегишлер	8 күн даўамында		11.03.2018 жылдан 18.03.2018 жылға шекем
		жыйнаўшы-пресслегишлер	3 күн даўамында		22.03.2018 жылдан 24.03.2018 жылға шекем
		скреперлер ҳәм басқалар	4 күн даўамында		04.03.2018 жылдан 07.03.2018 жылға шекем
2.	Мелиоратив техникалар	Экскаваторлар	10 күн даўамында	Мелиоратив техникалар жайласқан аймақлардағы ММТП устаханалары	01.03.2018 жылдан 10.03.2018 жылға шекем
		Бульдозерлер	10 күн даўамында		01.03.2018 жылдан 10.03.2018 жылға шекем
3.	Әсбап-үскенелер	Өлшеў әсбаплары	4 күн даўамында	Әсбап-үскенелер жайласқан аймақлардағы ММТП устаханалары	04.03.2018 жылдан 07.03.2018 жылға шекем
		металлға ислеў бериўши станоклар	4 күн даўамында		04.03.2018 жылдан 07.03.2018 жылға шекем
		кепсерлеў қурылмалары	6 күн даўамында		19.03.2018 жылдан 24.03.2018 жылға шекем
		темиршилик пресслеў әсбап-үскенелери	6 күн даўамында		19.03.2018 жылдан 24.03.2018 жылға шекем
		электр әсбаплар	4 күн даўамында		04.03.2018 жылдан 07.03.2018 жылға шекем
		Гидросистемалар	6 күн даўамында		19.03.2018 жылдан 24.03.2018 жылға шекем
		жанылғы насослары	3 күн даўамында		01.03.2018 жылдан 03.03.2018 жылға шекем

		форсункалар	8 күн даўамында		11.03.2018 жылдан 18.03.2018 жылға шекем
		Двигателлер	8 күн даўамында		11.03.2018 жылдан 18.03.2018 жылға шекем
		басқарыў механизмлери диагностикасы ушын қурылмалар	6 күн даўамында		01.03.2018 жылдан 06.03.2018 жылға шекем

Қосымша: *Жеке меншик техникаларалып келиниўине қарап 2018-жыл 20-март сәнесинен 2018-жыл 10-июль сәнесине шекем АПЖ, МПЖлар аймағындағы ММТП устаханаларында ҳәр күни өткериледи.*

Тахтакөпир районы хәкиминиң
2018-жыл 22 январь күнги
29 -санлы шешимине
2-қосымша

Район аймағында аўыл хожалығы ҳәм мелиоратив техникаларды, сондай-ақ машина трактор парклери, устаханалар ҳәм сервис пунктлериниң әсбап-үскенелерин техникалық көриктен өткериў бойынша районлық комиссия қурамы

К. Акимниязов	Тахтакөпир районы Мәмлекетлик техника қадағалаў инспекторы, комиссия баслығы

Комиссия ағзалары:

М.Искандаров	Районлық Ишки ислер бөлими Жол ҳәрекети қәўипсизлиги инспекторы
П. Турманбетов	Тахтакөпир районлық «Агросервис» МТП ЖШЖ баслығы
О.Жаксымов	Районлық Аўыл ҳәм суў хожалығы бөлими баслығы орынбасары
Т.Бабаназаров	Районлық Фермер, дийхан хожалықлары ҳәм қыйтақ жер ийелери Кеңеси қәнийгеси

Еслетпе: Комиссия ағзалары басқа жумысқа өткен жағдайда сол лаўазымға тайынланған яки ўазыйпасын атқарыў жүклетилген шахс комиссия ағзасы болып есапланады.